



Pou Piblikasyon Imedya: 31/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO DEPLWAYE RESOUS ETA AVAN RAFAL NÈJ KI
POTANSYÈLMAN DANJERE JODI A**

***Mande DOT ak Otorite Thruway pou Diminye Limit Vitès yo sou Wout Prensipal
yo ak Deplwaye Twoup Eta Anplis pou Ede Bay Repons***

***Rafal Nèj ak Rafal Van yo ka Fè li Difisil pou Kondwi, Nèj ki Gen Efè Lak Ka Pote
Plis Pase yon Pye Nèj nan Lwès ak nan Nò New York***

***Yo te Ankouraje Nouyòkè yo pou yo Evite Nenpòt Vwayaj ki pa Nesesè, Swiv
Meteyo ak Obeyi Tout Kòmand Ijans yo***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande ajans repons tanpèt ivènal eta yo pou deplwaye resous davans nan kad preparasyon pou kondwui nan kondisyon danjere yo epi li te ankouraje Nouyòkè yo pou prepare pou move tan nan Lavèy Nouvèl Ane a menm jan rafal nèj ak rafal van pral frape plizyè pati nan eta a. Kòmanse Madi aprè midi, yo prevwa yon sistèm rafal nèj pral avanse nan zòn lès atravè eta a ak kreye kondisyon wout glise epi tou prèske kreye kondisyon vwal blanch. Gouvènè a ap mande Depatman Transpòtasyon Eta (Department of Transportation, DOT) a ak Otorite Thruway pou diminye limit vitès yo apremidi a rive nan aswè pou ede wout yo rete an sekirite pandan kondisyon ki difisil pou kondwi yo. Nou konseye chofè yo pou kondwi ak pridans epi siveye mizajou previzyon meteyowolojik yo trè prè epi obeyi tout konsiy ijans lokal yo epi selebre Lavèy Nouvèl Ane a yon fason responsab.

"Rafal nèj sa yo pral frape rapid epi ak raj e mwen ap ankouraje piblik la pou evite nenpòt vwayaj ki pa nesèsè apremidi a ak aswè a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Si ou ap kondwi epi ou rankontre kondisyon vwal bkanch, tanpri raze akote epi rete tann li pase. Ekip repons eta nou an pral travay avan tanpèt la pou netwaye wout yo epi reponn a nenpòt ijans potansyèl yo".

Dapre Sèvis Meteyo Nasyonal la, yo prevwa ke nèj ap kòmanse apeprè 3 p.m. nan Madi aprè midi nan Rejyon sid Finger Lakes ak nan Rejyon lwès Southern Tier. Sistèm lan pral deplase a lès nan Rejyon Southern Tier, New York Santral, ak Mohawk Valley anvan l'al fini nan Rejyon lwès Mid-Hudson nan bò 10 zè p.m.

Tanperati yo pral varye soti nan mwatye 30 degre yo rive depase 40 degre yo, ak rafal van ki rive jiska 56.32 kilomèt alè nan Rejyon New York Santral ak nan Rejyon Finger Lakes, epi l'ap rive wo jiska 64.37 kilomèt alè nan Rejyon Lwès New York. Nouvo akimilasyon chit nèj la pral mwens ke yon pous an jeneral, eksepte nan pati sid Rejyon

Lwès New York kote yo prevwa plizyè pous ak nan Rejyon Iwès North Country a kote li posib pou gen 10 -18 pous nèj akòz sistèm efè lak yo.

Sou zòd Gouvènè a, Depatman Transpò a ak Otorite Thruway ap diminye limit vitès la a 72.42 kilomèt alè nan I-90, I-86, I-81, I-84, I-88 ak nan Rt. 17, epi anplis de sa yo pral deplwaye Polis nan Eta New York pou ede reponn ak tanpèt la.

Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt, avètisman, konsèy ak dènye previzyon metewo yo, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Metewo Nasyonal la.

Preparasyon Ajans

Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT)

Depatman Transpò Eta ap entèvni nan plizyè rejyon e gen 3,716 sipèvizè ak operatè disponib nan tout eta a. Pano Mesaj Varyab nan zòn ki afekte yo pral avèti chofè yo konsènan risk rafal nèj yo. Rediksyon limit vitès yo pral aplike jan sa apwopriye nan koulwa sikilasyon prensipal yo.

Kantite ekipman ki genyen nan tout eta a repati konsa:

- 1586 Gwo Kamyon Chasnèj
- 180 Chasnèj Mwayen
- 52 Remòk Chasnèj
- 327 Gwo Chajè
- 40 Aparèy pou Soufle Nèj
- 74 Kamyon Dechiktez
- 36 Kamyon Siyal Sikilasyon
- 15 Kamyon Nasèl Pou Ékip Pou Netwaye Pye Bwa Yo

Otorite Thruway (Thruway Authority)

Otorite Thruway a gen plis pase 693 sipèvizè ak operatè ki prè pou deplwaye 245 gwo chas nèj, 111 chas nèj mwayen ak 11 charyo remòkè ak 62 chajè toupatou atravè eta a ak plis pase 118,000 tòn sèl pou wout yo ki disponib sou plas. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs), Anons Radyo sou Otowout la (Highway Advisory Radio) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou otowout Thruway yo.

Otorite Thruway la ap ankouraje otomobilis tou pou yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo kapab enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) k ap bay dènye kondisyon sikilasyon yo sou Thruway la [isit la](#).

Divizyon Polis Eta a (Division of State Police)

Lapolis Eta New York (New York State Police) fè apèl a Twoup adisyonèl pou fè patwouy epi fè entèvansyon epi li bay tout Polisye yo enstriksyon pou yo rete vijilan epi siveye kondisyon yo de prè pou si ta gen nenpòt ki pwoblèm. Lapolis Eta a pral pare pou deplwaye anplwaye anplis nan zòn ki afekte yo jan sa nesèsè. Tout veyikil patwouy kat pa kat yo an sèvis epi tout veyikil espesyalite yo, ki gen ladan yo motonèj ak veyikil itilite yo, deja an pozisyon epi yo pare pou deplwaman.

Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC)

Ofisye Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anlwaye Jesyon Dijans yo, ak anlwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi yo ap siveye sityasyon ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn ak enfrastrikti ki gen anpil chans pou yo sibi dega poutèt move tan. Yo pozisyon tout byen ki disponib yo pou ede ak nenpòt ki repons pou ijans, enkli ekip ki travay ak si a meto ak treno ki sètifye, si a pèch, jeneratris, ak sipò ekleraj. DEC ap evalye tèren kan yo ak Tèren Eta nan zòn tanpèt la te afekte yo epi anlwaye yo ap retire pye bwa ki te tonbe yo jan sa nesèsè.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Polis Pak Eta New York ak pèsònèl pak la nan eta dalèt epi ap siveye de prè kondisyon meteyo yo ak efè yo. Yo ap alimenté, teste epi prepare ekipman pou repons, pou fè entèvansyon nan ka tanpèt. Vizitè pak yo dwe tcheke parks.ny.gov oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyònman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

Lòt konsèy sekirite

Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan w chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak lanèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondui byen. Planifye arè w yo epi kite plis distans ant machin yo. Pote plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon tan.

Li enpòtan pou chofè ki sou tout wout yo konnen vitès chas-nèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpilfwa sou otowout ant eta yo, chas-nèj yo opere kòtakòt, kòm se fason pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chas-nèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwosè ak pwa chas-nèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chas-nèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chas-nèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chas-nèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li.

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan yo pou woule ansekirite:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa kondui si li pa vrèman nesèsè.
- Pran prekosyon sou pon yo paske glas kapab fèt pi vit sou yo pase sou wout yo.
- Fèy mouye ki sou wout yo kapab lakòz atè a glise, sa ki fè li enpòtan pou kondui pi dousman lè w ap pwoche kote ki kouvri ak fèy yo.
- Verifye machin ou gen ladan lenn, yon pèl, flach ak pil anlisp, rad cho anlisp, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Kenbe tank gaz ou plen pou evite gazolin nan friz.

- Si ou gen telefòn selilè oswa yon wòki tòki disponib pou w sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè w tout lè wap vwayaje. Si w ta vin bloke, wap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote w ye.
- Asire w ke yon moun konnen plan vwayaj ou.
- Pandan w ap kondui, kenbe machin yo lwen glas ak lanèj.
- Planifye arè yo epi kite distans ant machin yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon tan.

Li enpòtan konnen vitès chas-nèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpilfwa sou otowout ant eta yo, chas-nèj yo opere kòtakòt, kòm se fason pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chas-nèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwosè ak pwa chas-nèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chas-nèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chas-nèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chas-nèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li.

Pou plis enfòmasyon sou sekirite nan tan ivè, tanpri ale sou sit wèb Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans la (Division of Homeland Security and Emergency Services) nan <http://www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info>.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)